ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Ordinary Level

SHONA 3159/2

PAPER 2 Mutauro neUvaranomwe

JUNE 2015 SESSION 2 hours

Additional materials:
Answer paper

NGUVA: Maawa maviri

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **mishanu** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji mana.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, J2015.

©ZIMSEC J2015

[Enda kuseri

CHIKAMU I: MUTAURO

Pindura mibvunzo **miviri chete** muchikamu chino.

1 Nyora zvivakashure nemadzitsi emazita anotevera:

musikana	chana	shure
muti	Tarurera	ziso
budzi	rwodzi	zigadzi
matombo	hwahwa	mhasa

$[12\frac{1}{2}]$

2 Doma mazita emazwi akatarwa mitsetse pasi.

(i) Mwana uyu anogona.

(ii) Vanhu vazhinji vakauya kumuchato.

(iii) Mambo ndiye akatonga nyaya yavo.

(iv) Gororo rakapfurwa nepfuti.

(v) Amai havana kurara nokuti mwana akachema usiku hwose.

(vi) Ndasvika vachidya sadza.

(vii) Heri bhuku rako.

(viii) Chimwe chaitika chii?

(ix) Iye musikana uya anongoteerera ambuya kana sekuru chete.

(x) Vana vanyora bvunzo.

$[12\frac{1}{2}]$

3 Uchipa mienzaniso yakakodzera, ratidza kuti zviwedzerwa zvezvindori zvinotevera zvinoshanda nemazwi api pakuumba zvindori.

(i) i- $(6\frac{1}{2})$

(ii) ha- (6)

$[12\frac{1}{2}]$

4 Uchishandisa **madzitsi ezviito** anotevera nyora **zvirevo** zvine **zviito** zvaiswa **rebeso** dzawapiwa mberi kwazvo.

Muenzaniso: /bika/ yekuitira
Mhinduro: Ambuya **vabikira** sekuru doro rinonaka.

(i)	|-famba|	yegoneko	(1)
(ii)	|-tuka|	yekuitira	(1)
(iii)	|-seka|	yekonzero	(1)
(iv)	|-kiya|	yepfumvunuro + goneko	(1)
(v)	|-dya|	yekuitwa	(2)
(vi)	|-chema|	yekonzero + yekuitirana	(2)
(vii)	|-unga|	yewadzano + yekuitira	(2)
(viii)	|-dyara|	yedzokororo + yekonzero + yekuitwa	$(2\frac{1}{2})$ $[12\frac{1}{2}]$

CHIKAMU II: UVARANOMWE

CHIKWATA A

Pindura mubvunzo **mumwe chete** kubva muchikamu chino.

5 Sarudza nhetembo **mbiri** dzaunofarira dzakanyorwa navananyanduri vakasiyana kubva muna *Tipeiwo Dariro* ugopa zvadzinoreva uye mashandisiro avanoita zvidavado munhetembo dzawasarudza. [25]

6 Kubva muna *Tipeiwo Dariro,* Maureen Mataranyika anoratidza kutambura kwevanhukadzi. Tsigira pfungwa iyi nenhetembo dzake **mbiri** uchiburitsa matambudziko **mana** anobuda padetembo rega rega. [25]

7 Nyanduri, Willard Choga, anofarira kunyora pamusoro pedingindira rekurayira. Tsigira pfungwa iyi nenhetembo dzake **nhatu** dziri muna *Tipeiwo Dariro.* [25]

[Enda kuseri

CHIKWATA B

Pindura mubvunzo **mumwe chete** muchikamu chino.

8 Tsanangura tsika **shanu** dzaitevedzwa pasichigare dzausingafariri murungano *Akanyangira Yaona.* [25]

9 Hunzi naVaGakava, "Basa rangu hapana asingarizivi... Ini ndiri muroyi ndapikwa." Tsanangura muchidimbu **zvisere** zvezvimwe zvavanoita muna *Akanyangira Yaona* zvinozadzisa mazwi aya. [25]

10 Tsanangura zvinoitwa naMutonhodza zvinoita kuti anzi ndiye mutambi mukuru murungano *Kutonhodzwa KwaChauruka.* [25]

11 Kubva muna *Kutonhodzwa KwaChauruka* ndoupi mutambi waunonzwa kutsamwa kana ukafananidzwa naye? Tsigira kufunga kwako nezvinhu **zvishanu** zvaanoita murungano urwu. [25]

CHIKWATA C

Pindura mubvunzo **mumwe chete** kubva muchikamu chino.

12 Tsanangura zvinhu **zvishanu** zvinoitwa naFillia muna *Sajeni Chimedza* mukuedza kusvibisa zita raChimedza. [25]

13 Dzimwe dzenzvimbo dzinoitikira rungano, *Sajeni Chimedza,* ndedzinoti:

(i) muhofisi yaChimedza

(ii) bhawa reChisipiti

(iii) Mayambo Piggeries

(iv) Gonhi Restaurant

Zvino iwe chitsanangura zvinhu **zvitatu** zvinoitika munzvimbo imwe neimwe zvinofambisa rungano mberi. [25]

14 Buritsa matambudziko **mashanu** ari mumagariro evanhu anoburitswa pachena nemunyori wa*Minista Munhuwo.* [25]

15 Tsanangura nzira shanu dzinotorwa naMwaita mukuedza kuvanza mhosva yake yokubhinya Chenai muna *Minista Munhuwo.* [25]